# Тийкарланбаған ҳәм жалған мағлыўмат тарқатыў жуўапкершиликке тартыўға себеп болады

Жақында социаллық тармақ пайдаланыўшыларынан бири пуқара Г.Каньязова тәрепинен Өзбекстан Республикасының 11.07.2008-жылдағы «Майыпларды социаллық жақтан қорғаў ҳаққында»ғы  нызамының бир неше бәнтлери Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен бузылғанлығы яғный  имаратқа  кириў жеринде  пандустың жоқ екенлигин сынға алып социаллық тармақларда пост қалдырған.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси имаратына кириў есигинде пандус бар. Бул бүгин я кеше қурылған пандус емес. Сүўретлерге итибар етип қарасаңыз оның  алдыннан бар екенлигиниң гүўасы боласыз.

Image not found or type unknown

Социаллық тармақ пайдаланыўшылары тәрепинен ҳәр қыйлы тастыйықланбаған фото, видео көринислердиң ҳәм мағлыўматлардың кең жәмийетшиликке тарқатылыўы нәтийжесинде унамсыз жағдайлар келип шығыўы мүмкин.

Соның менен бирге ҳәр бир шахс социаллық тармақларда тарқатқан мағлыўматы ушын нызам алдында жуўапкер екенлигинде умытпаўымыз керек.

Ҳүрметли социаллық тармақ пайдаланыўшылары! Ҳәр бир шығарған постыңызды сергеклик пенен, фактлерге сүйенген ҳалда ҳәм терең ҳуқықый билим менен жазыўыңызды сорап қаламыз. Тийкарланбаған ҳәм жалған мағлыўмат тарқатыў ҳәкимшилик жуўапкершиликке тартыўға себеп болатуғынын умытпаң.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети